

Eta New York la fèmen Tribinal Degèpisman yo !

Tout degèpisman yo sispann!

(lis kesyon yo poze souvan ak tout repons yo)



**HOUSING
JUSTICE
FOR ALL**

Tcheke sit sa tanzantan paske jan yo enpoze moratoryom lan pa sèten. Li ka chanje. Dènye jou yo ajoute enfòmasyon te 31 mas, 2020



Ki sa ki moratoryom sou degèpisman vle di?

Jij Administratif en Chèf nan Eta New York bay yon memo dimanch, 15 mas, **ki di ke depi a 5è PM nan lendi, 16 mas**, "Tout zafè degèpisman ak tout lòd degèpisman dwe sispann nan tout eta a jiskaske yo voye yon lot anons"

Sa vle di ke pandan kriz sante coronavirus la, mèt kay la pa kapab mennen ou nan tribinal. Pa pwal gen okenn degèpisman. Tout tribinal ki tande zafè degèpisman yo fèmen. Moratoryom a se pou tout de kalite lojman. Sa vle di ni lokatè rezidansyèl ni lokatè komèsyal yo. Depi ke gen yon moratoryom, pa pral genyen okenn degèpisman kalite, pou okenn moun.

MEN, Nan NYC, gen kèk eksepsyon: pou moun ki fèmen deyò ilegalman (yon blokaj ilegal), kòd vyolasyon lojman ki grav, ka pòs-degèpisman, lòd pou evakye kay la ak lòd reparasyon. Sal ijans nan chak tribinal lojman yo ouvri pou kalita zafè sa yo.

Èske gen okenn eksepsyon nan moratoryom a?

Non, pa gen okenn eksepsyon. Yo pa ka mete ou deyò pou okenn rezon kounye ya.

E si yo te gentan bay ou yon avi Marshal oubyen yon manda cherif ?

Moratoryom la afekte pou tout lòd ki te deja kòmanse avan yon fèmen tribinal yo. Sa vle di, nenpòt ka ki te egziste deja pandye. **Yo gen pou yo sispann pwosedi a. Yo pa ka mete ou deyò.**

Nan NYC, tout Marshal yo (Marshal yo se ofisye ki ranfòse lòd ka sivil yo resevwa notifikasyon ke yo pa ka dwe egzekite okenn manda. Si yo eseye vyole lwa sa a, tanpri rele (212) 825-5953 pou rapòte sa a Department of Investigation (DOI) Bureau of City Marshals.

Nan zòn andeyò NYC (tankou Upstate oubyen Long Island), anjans lapolis ak rafònsman yo te sipoze bay tribinal lokal yo tout enfòmasyon. Si ou gen yon avi degèpisman, tanpri rele nimero ajans lan ki nan lis sou manda a (tankou Cherif la) pou sa asire ke yo konnen de moratoryom e

ke tout degèpisman yo sispann. Moun kap defann Lojman toupatou nan eta a ap fè tout efò pou kominike avèk tout vil yo pou nou ka asire ke yo swiv lòd moratoryom la.

Mwen gen yon randevou pou mwen al nan tribinal pou ka degèpisman m. Ki sa pou m fè?

Yo pral ajoune tout randevou pou degèpisman yo pral. Tribinal la ap voye yon lòt avi ou ak dat randevou w. Si ou gen yon avoka, yo sipoze kontakte ou. Kounye a, y ap ajoune tout ka yo pou 45 jou o minimòm. Nou sispèk ke yo pral ajoune ka yo tanzantan pandan kriz la.

Nan zòn andeyò NYC, espesyalman nan zòn ki pa gen tribinal separe pou zafe lojman yo, fòk ou rele rele tribinal la ppou konfime ke randevou ou ajoune. *Ou PA bezwen ale nan tribinal la pou randevou pandan moratoryom an efè, epi yo pa ka pran okenn sanksyon kont ou pou sa.* Si yon moun di ou otreman, rele òganizasyon lokatè lokal ou a oubyen 833-503-0447 imedyatman pou asistans.

Mwen se yon lokatè nan NYC epi mwen te gen yon randevou nan tribinal la pou reparasyon ijans. Ki sa pou m fè?

Randevou w lan pa p chanje. Ou toujou ap gen yon odyans pou ka ou.

E si mwen pa ka peye lwaye mwen?

Ou toujou oblije peye lwaye kounye a. Moratoryom a jis vle di ke mèt kay ou a pa mennenn ou nan tribinal si ou pa peye kounye a. Men lè moratoryom lan fini, yo kapab fè sa. Nou ap batay pou eta a pase yon lwa ki ka mete yon sispansyon sou peman lwaye yo e ki ka friz ogmantasyon lwaye ya pou lane sa. Nou poko genyen. Ou ka jwen plis enfòmasyon e ou ka [siyen petisyon](#) an la

Si avan moratoryom la ou te siyen yon dokiman avèk mèt kay la ki di ou pral peye lwaye you pa yon dat sèten l anvan moratoryom, epi kounye a ou ka pakap peye ankò, mèt kay la pa dwe rele ajans Marshal lan/cherif la/ nenpòt ajans ki ranfonse lalwa so ou pandan moratoryom la an efè. Men, lè moratoryom la fini, yo gen dwa kontinye avek ka degèpisman nan.

Lòd la pa afekte demann lwaye yo. Mèt kay la ka toujou voye lèt bay ou e yo ka demande nenpòt lajan ke yo di ou dwe pandan tan sa a.

E si mèt kay mwen mete m soti ilegalman?

Si ou se yon lokatè NYC, ou kapab ovè yon ka nan yon sal ijans de tribinal la pou ka retounenn nan apatman w lan. Tribinal yo e gouvènman NYC ap voye tout ka degèpisman e tout ka blokaj ilegal yo nan men òganizasyon ki bay sèvis legal nan pwogram Right to Counsel (Dwa Pou Gen yon Avoka), kèlkeswa kote w ap viv oubyen konbye ou touche.

Si ou se yon lokatè ki viv andeyò NYC, si mèt kay la mete yon blokaj e yo redwi sèvis esansyèl, ou ka toujou itilize tribinal ke yo deziyen pou regle zafè esansyèl sa yo. **Ou ka rele 833-503-0447** pou yo ka di w kilès nan tribinal yo nan vil ou ki regle zafè sèvis esansyèl. Le ou konekte ak tribinal la, ou ka mande yon “order to show cause” - sa vle di ou lòd pou met kay la eksplike pou ki sa yo fè blokaj la oubyen pou ki sa yo redwi sèvis ou yo.

Tanpri, rele biwo Legal Services lokal ou oubyen nenpòt òganizasyon ki travay sou dwa lokatè yo pou yo ka ede w nan sitiyasyon sa yo.

Èske mèt kay mwen ka eseye evakye apatman m?

Tout lokatè gen dwa pou gen yon pwosè legal; sèlman yon jij kapab apwouve yon degèpisman. Paske tribinal yo fèmen e tout degèpisman nan sispansyon pandan moratoryom lan, **mèt kay ou pa ka mete w deyò.**

Yo bay lòd pou evakye apatman yo lè li danjere pou moun viv nan apatman oubyen lè apatman an ilegal. Sèlman ajans gouvènman yo kapab bay kalite lòd sa yo. Mèt kay yo legalman pa gen pouvwa pou bay lòd evakyasyon dirèkteman. Pandan kriz sa a, nou sispèk ke pa pral gen okenn lòd evakyasyon, sèlman si gen yon sitiyasyon vrèman danjere oubyen si gen yon kay ki pran dife. Apre yo bay lòd la, lokatè gen dwa demande aksè sèvis demenajman ke ajans gouvènman an. Sèvis demenajman rete ouvè pandan kriz la.

Kouman pou mwen jwenn reparasyon nan men mèt kay la si tribinal yo fèmen?

Nan NYC, ou ka toujou ale nan tribinal lojman pou reparasyon ijans. Sinon, ou ka toujou itilize lòt opsyon, tankou ou ka rele 311 e ou ka aplike pouyon rediksyon sou lwaye w avèk ajans DHCR (Division of Housing and Community Renewal) . Sonje ke anpil ajans gouvènman ap travay ak mwens moun paske tout bagay ap fèmen. Sa vle di ke yo kapab pran plis tan pou fè enspeksyon ak rafòsman reparasyon yo.

Gouvènman NYC konsidere sèvis chofa, dlo cho, evakyasyon, e ka anpwazònman plon nan Depatman Sante e Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) kòm reparasyon ijans pou lokatè NYC.

Si ou se yon lokatè ki viv andeyò NYC, yo konsidere kalite vyolasyonki grav sa yo e reparasyon zafè esansyèl e gen tribinal ke yo deziyen pou regle zafè esansyèl sa yo. Ou ka rele **833-503-0447** pou yo ka di w kilès nan tribinal yo nan vil ou ki regle zafè sèvis esansyèl. Le ou konekte ak tribinal la, ou ka mande yon “order to show cause” pou eksplike pwoblèm reparasyon ak vyolasyon yo. Tanpri, rele biwo Legal Services lokal ou oubyen yon organizasyon lokatè pou jwen sipò!

Konbyen tan moratoryom sou degèpisman pral pran?

Vandredi, 20 mas, Gouvènè Cuomo bay lòd pou deklare yon moratoryom sou degèpisman pou 90 jou, oubyen jiskaske mitan mwa Jen an. Nou pral goumen pou moratoryom a nan efè jiskaske kriz coronavirus la fini.

Kisa k ap pase lè moratoryom lan fini?

Si nou pa genyen lòt demand nou yo (tankou yon sispansyon sou ogmantsyon e pèman lwaye) anvan moratoryom la fini, tout ka yo ap rekòmanse. Mèt kay yo pral kapab mennen moun nan tribinal. Nou ap travay pou eta New York la sou friz lwaye yo e mete yon sispansyon pèman lwaye imedyatman, pami lòt demand ke nou genyen. Kounye ya, so moman pout no òganize! Siyen petisyon nou e vin patisipe nan mouvman!

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- **Nimero pou tout eta New York:** (833) 503-0447, li ouvri vennkat sou vennkat. Byento, yo pral genyen entèprèt pou yo kapab reponn kesyon nan tout lang ak . Nimero sa se pou yo fè referans pou ou sèlman. Moun ki ap travay sou liy lan pa kapab reponn kesyon legal, men yo pral kapab konekte w ak tribinal yo, biwo grefye yo ak lòt resous nan rejyon ou. Si ou pa reponn premye fwa ou rele, eseye ankò!
- **Nan NYC, ou ka rele Housing Court Answers, de 9è di matin a 5è de laprèmidi, de lendi a vandredi:** (212) 962-4795 oubyen (718) 557-1379. Yo reponn apèl yo an fransè, an anglè, e an panyòl. Apre sa, yo itilize entèprèt ki travay nan LanguageLine pou tout lòt lang yo.
- **Nan Distri Kapital la (Capital District) e nan rejyon Upstate NY, ou ka rele oganizasyon United Tenants of Albany's Housing Hotline, de 9è di matin a 5è de laprèmidi, de lendi a vandredi:** (518) 436-8997, ext. 3. W ap jwen referans ak konsèy sou kesyon lojman ou yo. Pou moun ki pa pale anglè, ou ka itilize sèvis entèprete ak LanguageLine.